



Cò ponpye, Vil New York EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI

Michael R. Bloomberg, Mè
Salvatore J. Cassano, Komisyonè Ponpye

ALAM LA FIMEN & KABON MONOXID

ESKE ALAM KI DETEKTE LAFIMEN OU AN AP REVEYE W ANSANM AK FANMI W NAN MITAN LANNWIT?



Majorite lanmò ki rive akòz dife, rive nan mitan lanwit. Yon alam ki detekte lafimen se sèl bagay ke ou ka geyen lakay ou ki ka sove vi w.

Yon alam ki detekte lafimen ki ap mache ap diminye chans pou w ta mouri nan dife a prèske mwatye.

Alam ki detekte lafimen fèt pou detekte epi avèti w kont lafimen sa a, ki silansye men ki ka mòtèl. Avètisman bone sa an ap reveye w ansanm ak fanmi w, se sa ki ap ba ou tan pou w mete plan ou fè pou w chape lè gen dife an aksyon.

Malgre ke 97 kay sou 100 gen yon alam ki detekte lafimen, plis ke 33 pousan kay sa yo pa pwoteje paseke **alam ki detekte lafimen yo pa mache.**

Lè yon alam ki detekte lafimen pa reisi mache, byen souvan se paseke pil yo manke. Souvan moun retire yo oswa yo dekonekte pil yo pou yo sa anpeche nuizans ke yo ye lè yo aktive akòz de vapè sal de ben oswa vapè lè manje ap kwit.

Alam ki detekete lafimen ki dezaktive mete fanmi w ak vwazin w an danje.

Kòman pou w pwoteje tèt ou, fanmi w ak vwazin w.

- Instale alam ki detekte lafimen ki gen mak "Underwriters Laboratories" **Mak (UL). Mak (UL)** la fè w konnen ke yo fè evalyasyon alam la dapre egzijans sekirite nasyonal ki rekonèt.

- Gen de kalite alam ki detekte lafimen, **photoelectric ak ionization**. Tou de bon pou sèvi lakay ou. Ou ka depann pi plis sou alam **photoelectric** la pou dife ki ap mijote, ki kapab ap pran nan twalèt oswa nan salon. Ou ka depann plis sou alam Ionazasyon pou detekte flann dife nan kwisinn oswa garaj. Genyen tou Alam ki detekte lafimen ki konbine ki gen teknoloji ni pou fotoelektrik ni pou ionizasyon.

- **On sèl alam ki detekte lafimen nan yon kay pa kont.** Mete yon alam ki detekte lafimen nan chak nivo epi nan sousòl la tou. Mete alam ki detekte lafimen 15 pie pi lwen zòn tout kote moun ap dòmi. Pou plis sekirite, instale alam ki detekte lafimen nan chak pyes kote moun dòmi.

- Alam ki detekte lafimen dwe instale nan plafon an, li pi bon si yo mete l nan mitan sal la, men pas mwens ke 4 inch pi lwen pase mi a, Si yo instale alam ki detekte lafimen sou mi an, se pou yo mete l ant 4 ak 12 inch pi lwen ke plafon an.



ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM KABON MONOXIDE SOVE VI

ALAM POU L FIMEN SOVE VI

Yon Mesaj Sekirite Piblik Kont Insandi Ke Cò Ponpye New York City Voye

**FD
NY**

MISYON NOU SE SEKIRITE W

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865



- **Asire w ke tout moun lakay ou kapab rekonèt epi kapab reveye lè yon alam kji detekte lafimen sonnen.**

Kèk timoun ak vye granmoun gen dwa pa reveye toutwit lè yon alam ki detekte lafimen sonnen. Reflechi pou w ta instale alam ki ta ka konekte ansanm aseke lè yon alam santi lafimen epi li sonnen, yo tout deklanche nan tout kay la. Lè ou instale yon alam nan chak chans ogmante pwoksimate chak moun bò kote yon aparèy ki ap sonnen. Si gen yon moun lakay ou ki mal pou tandè oswa ki soud konsidere yon alam ki detekte lafimen ki sèvi ak yon notifikasyon ke yo ka wè, tankou limyè ki ap limen tenyen.

Nuizans Alam

Souvan vapè ki soti nan twalèt oswa vapè kuison deklanche alam ki detekte lafimen yo. **Tan pou w ta retire pil nan yon alam, fè sa ekri pi ba an pito:**

- Bese alam la rale bouton "HUSH", si li ekipe ak youn.
- Louvri fenèt yo limen vantilatè pou brase lè a.
- Konsidere replase alam yo pi lwen kote wap fè manje a oswa twalèt la.
- Konsidere instale yon kalite alam ki fotoelektrik oswa yon konbinezon fotoelektrik/ ionizasyon. Kalite alam ki fotoelektrik ak kalite alam ki se konbinezon mwen sansib a lafimen kwizinn.

KIMBE ALAM KI DETEKTE LAFIMEN W LA AP MACHE TOUTTAN!

SE RESKONSABILITE W POU ASIRE W KE ALAM KI DETEKTE LAFIMEN W LAN AP AVÈTI W BONÈ POU W KA CHAPE EPI SOVE LAVI AN KA KE GEN DIFE.



OC

MONO

Monoksid kabòn (OC) san koulè, san odè, san gou epi se yon gaz ki toksik. Ti non jwèt li se "**asasen silansye**", sans zimen pa ka detekte monoxi kabòn ditou. Santèn de moun mouri lakay yo chak ane akòz yo anpwazòn ak Monoksid Kabòn pa aksidan gen milye ki domaje nèt.

Kòm monoksid kabòn se pwodwi segondè konbinyon ki pa konplè, nenpòt ki aparyèy ki boule gaz, machinn oswa zouti ki pa byen vantile oswa pa byen antretni kap youn **sous potansyèl** gaz monoxid kabòn Exanp aparèy ki boule gaz se:

- Fou a gaz
- **Chofaj a gaz***
- Founo a gaz pou fè
- Sechwa a gaz pou seche rad
- Griy chabon
- Chovaj dlo a gaz
- Fyòye a gaz ak pwèl
- Chemine ki ni vantile oswa ki pa gen van kap pase
- Aparyèy pou koupe gazon ak zouti ki sèvi ak kouran
- Machinn otomobil

***Itilizasyon chofaj ki mache ak pwopann oswa kerozèn stikteman entèdi nan NYC.**

Chans pou moun anpwazone ak monoksidkabòn ogmante nan mwa ivè yo. Kay ki gen bon izolasyon gen (sitou konstriksyon ki pi nèt yo) ak ekipman chofaj ki pa (**mache kòm sa dwa**) kap pwodui on kantite kosantrasyon monoksid kabòn ki gen gwo danje mòtel.

Pouki gen danje nan Monoksid Kabòn?

Si gen monoksid kabòn nan lè wap respire a, lap antre nan san w menm jan oksijèn antre ladann, atravè poumon w. monoksid kabòn la deplase okxijèn ki nan san w la, lap depose de lò de oksijèn. Lè monoksid kabòn la deplase kont oksijèn, wap sifokeye.

KI SENTÒM ANPWAZÒNMAN M ONOKSID KABÒN?

Si w expoze lontan nan monoksid kabòn ki pa gen **gwo kosantrasyon** li ka akimile nan san w, ou vinn gen sentòm grip viris ki bay tèt fè mal, fatig, noze ak tèt vire.

Paske sentòm anpwazònman monoksid kabòn tèlman òdinè, e byen souvan yo mal dyagnostike l, yo ta dwe sispek ke se monoksid kabòn **si plis ke yon sèl manm nan fanmi a** santi li malad epi si yo refè apre yo rete soti nan kay la pandan yon tan. Epi tou si bèt lakay ou malad anvan manm fanmi w se gen dwa enpwazònman monoksid kabòn.

Lè yon moun expoze a yon **gwo kosantrasyon** monoksid kabòn lap ba li gwo tèt fè mal, konfizyon ak pèt konesans, pwobèm kadiak epi/ oswa lanmò.

ALAM KI DETEKTE MONOKSID KABÒN SOVE VI!

OXID KABÒN ASASEN SILANSYE A

KILÈS KI KOURI PLIS CHANS?

Moun gen diferan reaksyon lè yo ekspoze a monoksid kabòn. Moun ki pi sansib yo se:

- Vye granmoun
- Ti bebe
- Timoun piti
- Fanm ansent
- Moun ki gen pwoblèm pou you respire oswa pwoblèm nan kè

Premye liy defans la se prevansyon

Premye liy defans ou se anpeche oswa diminye potansyèl pou yon moun expoze a gaz monoksid kabòn.

- Fè yon teknisyen ki kalifye enspekte, netwaye, regle tout sistèm chofaj, ekipman ki boule gaz, chemine ki lakay ou.
- Fè yon enspeksyon vizièl de tout ekipman ou genyen ki boule gaz, tankou sechwa gas ak chofaj dwlo a gas.
- Pa boule chabon andedan kay, kabin oswa karavan.
- Pas sèvi ak motè ki mache ak gaz (dèlko, goyin) nan yon kote ki fèmèn tankou garaj oswa sousòl.
- Pa kite motè machin la ap mache sou plas andedan garaj la.
- Ni pandan ni apre yon tanpèt lanèj asire w ke vantilasyon pou sechwa a gaz la, fou chofaj, chemine ap gen oken nèj ki akimile.
- Pa janm sèvi ak fou a gaz oswa founo pou chofe kay ou!

Dezièm liy defans la se yon detektè monoksid kabòn

Dezièm liy defans ou se achte epi enstale yon detektè monoksid kabòn. Yon alam ki detekte monoksid kabòn ki mache byen kap avèti w bonè anvan gaz mòtèl yo kap akimile rive yon nivo ki danjere.

Depi mwa novanm 2004, la lwa Vil New York egzije ke tout inite kay, enkli kay ki abite youn oswa de fanmi, oswa batiman ki gen plizyè moun ekipe ak alam ki pou detekte monoksid kabòn. Yo konn lwa sa sou non lwa lokal # 7 2004 epi li aplikab pou ni nouvo ak ansyen kay.

Lejislasyon sa pou sekirite vi:

- Egzije aseke alam detektè pou CO gen mak "Underwriters Laboratories" **Mak (UL)**, ki respekte kritè ki souliyen nan estanda UL-2034.
- Egzije ke tout kay ki egziste enstale yon alam ki detekte CO ki ki mache ak pil sèlman oswa nak system elektrik kay kalite ke yo ploge nan yon priz elektrik ak yon pil kòm sipò siplemantè, oswa youn ki enstale dirèkteman nan fil kouran kay la ak yon pil kòm sipò siplemantè.

- Li pèmèt aseke gen yon konbinezon alam pou detekte lafimen ak monoksid kabòn.
- Egzije ke yo enstale alam ki detekte CO 15 pye pi lwen antre prispal tout pyès ke yo sèvi pou dòmi.

Nòt: Si w gen entansyon enstale yon konbinezon alam pou detekte lafimen ak monoksid kabòn pou ranplase alam lafimen ki ploge dirèkteman nan fil elektrik kay la, alam detektè konbine a oblije ploge dirèkteman nan fil elektrik kay la tou.

Anplis de respè kritè lwa lokal # 7 yo, enstale yon alam ki detekte CO pou w pwoteje fanmi w pi plis:

- Nan chak etaj nan kay ou.
- Nan twalèt oswa kote moun dòmi si ou dòmi ak pòt fèmèn.
- Nan kote ki gen okenn aparyèl ki ap boule gaz (plis ke senk pye pi lwen) bagay tankou fou chofaj a gaz oswa aparèy pou chofe dlo.
- Ak yon bagay dijital ki montre nivo CO.
- Instalsyon adisyonèl sa a ap asire ke ou detekte rapidman nenpòt move fonksyonman ki genyen nan ekipman yo.

Men **pa enstale** yon alam pou detekte CO:

- Bò kote vantilatè plafon.
- Nan twalèt oswa okenn lòt kote ki ekspozè a vapè oubyen imidite.
- Nan kuizin oswa 5 pye pi lwen chodyè pou kuit manje.

Alam pou detekte Monoksid Kabòn



Instalsyon yon alam pou detekte monoksid kabòn pa elimine nesite yon alam pou detekte lafimen lakay ou. Alam pou detekte monoksid kabòn pa santi lafimen pou li sa detekte l ni alam pou detekte lafimen pa santi gaz.

ALAM POU DETEKTE LAFIMEN SOVE VI!

Kisa pou m fè lè alam pou detekte monoksid kabòn mwen an pati?

Si alam ou an sonnen, premyèman et pi enpòtan se RETE KALM. Nan pi fò sityasyon ki lakòz ke alam pou detekte monoksid kabòn la pati pa sityasyon ki menase vi w, men se yon avètisman ke gen yon pwoblèm potansyèl. Alam ki detekte monoksid kabòn konsewa pou yo sonnen anvan ke vi moun menase imedyatman. Alam la pap sonnen lè pil li ba oswa aparèy la pap fonksyone kòm sa dwa.

POU REPO LESPRI W AK SEKIRITE OU MENM AK TOUT MAN FANMI W, OU FÈT POU OU VINN FAMILYE AK KI JAN ALAM LA SONNEN NÒMALMAN:

YON PIL KI BA oswa ki pa mache kòm sa dwa sinyal oswa avètisman la bay la se yon **SÈL SON** chak 30 ak 60 sekonn. Kèk modèl gen dwa gen yon endikatè vizyèl, tipikman se yon limyè wouj ki ap limen tenyen ki make pil oswa sèvis.

MODÈL SON YON ALAM CO AP BAY LA se **KAT BEEP** chak 5 sekonn. Genyen yon limyè wouj ki ap limen tenyen sou fas aparey la lè li detekte CO.

SI ALAM LA AKTIVE:

- Pouse ti bouton pou ranje/silans pou w kapab fè alam la sispann sonnen.
- Pou fè lè sikile nan kay la louvri fenèt yo.
- Gade pou wè si okenn manm lakay ou pa gen sentòm grip viris.
- **Rele 911 epi kite kay la pou ale on kote ki an sekirite.**

Lè wap rele 911, pare cò w pou w bay enfòmasyon sa yo:

- Kibò w abite.
- Si wi ou non gen moun nan kay la ki pa santi yo byen oswa ki gen sentòm grip viris.
- Ki nivo CO ke detektè a make, si li gen yon fasad dijital.

Si alam CO w la redemare nan yon periòd de 24-è, rele 911 epi al yon kote keg en lè fre. Se pou yo fè plis investigasyon pou yo ka wè kote CO a ap sòti. Kontakte yon teknisyen ki kalifye pou li sa enspekte tout ekipman ak aparyèl ki sèvi ak gaz pou gade si gen anyen ki pa sa.

Kontak ak vapè sibstans sa yo nan yon kay kap lakòz alam CO bay fo avètisman. Asire ke ou sere oswa sèvi ak sibstans sa yo lwen alam ki detekte monoksid kabòn oswa yon kote ki gen bon aerasyon. Penti, tinè pou penti, adeziv, espre pou cheve, pafen ki santi fò, flit ki ploge, flit ki rafrech lè, atomizè ki gen pwodui netwayaj ki santi fò tankou pen.

Fwaye a gaz ki pa gen vantilasyon

Fwaye a gaz ap vinn pi popilè paske yo bonmache, pratik epi fasil pou enstale. Fwaye a gaz ki pa gen vantilasyon oswa ki pa bezwen van pa gen tiyo pou lè ka sikile ni chemine. Gaz ki boule yo ansanm ak tout kabon monoxide la rete ap sikile nan lè ki andedan lakay ou.

AKÒZ RISK SANTE KI GENYEN LÈ YO SÈVI AK FWAYE A GAZ KI PA GEN VANTILASYON. ITILIZASYON FWAYE A GAZ ILEGAL.

KÒMAN POU ANTRENI ALAM KI DETEKTE KABON DIOXID OU AN.

TESTE ALAM YO (alam yo gen yon bouton pou teste yo) omwen yon fwa pa mwa, menm si alam ou an gen yon pil ki gen vi long, oswa li ploge nan kouran kay la.

RANPLASE PIL YO DE FWA PA AN, nan epòk printan ak otòn lè yo chanje lè a. (**Change revèy ou, Change pil ou.**)

Yon son "chante" ki sòti nan alam la se yon avètisman ke pil la ba. **RANPLASE PIL LA** imedyatman.

- Pa janm pase penti sou alam yo.
- Netwaye alam yo regilièman pase twal pou retire pousyè oswa pase vakyòm.
- Chanje alam ki detekte lafimen omwen chak 10 an
- Chanje alam ki detekte monoksid Kabòn chak 5 a 7 an.

Sèl fonksyon alam ki detekte lafimen ak alam ki detekte monoksid kabòn ye se bay yon son kòm avètisman.

Devlope epi fè pratik plan sovtaaj pou ou sa itilize tan presye sa ke li ba w lan.

ALAM KI DETEKTE LAFIMEN AK MONOKSID KABÒN SOVE VI!



**CÒ POMPYE
VIL NEW YORK**
9 METRO TECH CENTER
BROOKLYN, NEW YORK 11201-3857

Asire ak
**INITE EDIKASYON FDNY &
BIWO INFÒMASYON PIBLIK FDNY**
www.nyc.gov/fdny
www.fdnymfoundation.org

